национальной идентичности в эпоху глобализации зависит от синтеза фольклорных образцов с современными профессиональными формами.

**SUMMARY**. This article examines the conceptual foundations of the historical development of Karakalpak art and literature through the lens of syncretism and evolutionary transformation. The research explores the journey of Karakalpak creative thought from archaic mythological roots and oral epic traditions to the formation of professional artistic genres. Special attention is given to the "syncretic nature" of the Zhyrau (epic storytelling) school, where the unity of word, music (the kobyz instrument), and performance served as an "aesthetic code" for subsequent generations. The study analyzes how traditional motifs in epics like "Alpamys" and "Kyrk Kyz" were reimagined during the 19th-century classical period by thinkers such as Berdakh and Ajiniyaz, eventually laying the groundwork for modern professional drama, prose, and musical arts. By employing historical-typological and comparative methods, the author argues that the preservation of national identity in the era of globalization depends on the synthesis of traditional folklore patterns with contemporary professional artistic forms.

## «ҒӘРИП АШЫҚ» ДӘСТАНЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИГИ

**Аллияр Шыныбеков –** *үлкен оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** достон, генезис, мотив, фольклор, вариант, бахши, жиров.
**Ключевые слово:** эпос, генезис, мотив, фольклор, вариант.
**Key words:** epic, genesis, motif, folklore, variant, baksy, jirau.

Халық дөретиўшилигиниң көлемли ҳәм қызықлы жанрларының бири – дәстанлар болып табылады. Дәстанлар тематикалық бағдарлама, сюжетлик ҳәм идеялық мазмунына қарай: *қаҳарманлық* (батырлық) дәстанлар ҳәм *ашықлық* (лиро - эпикалық) болып ажыралады.

«Лиро – эпикалық дәстанлар қарақалпақ халық дөретиўшилигинде батырлықты жырлайтуғын эпикалық дәстанлар менен бирге дөрелип, бирге өмир сүрип киятыр. Оларда қаҳарманлық дәстанлардағыдай батырлық ислер, гүрес тутыў, саўаш көринислери сүўретленбейди, ал бир – бирин ессиз сүйген жаслардың шийеленискен тәғдирлери, айралық азаплары, сағыныш сезимлери бериледи. Соның ушын бундай дәстанларды қарақалпақ фольклорында ашықлық дәстанлар деп жүритеди, ал халықаралық әдебий терминологияда романтикалық поэмалар деп атайды». [1.52] Олардың сюжетлери шийеленискен, қыйырман – шыйырман эпикалық ўақыяларға толы болып келеди. Соның менен бирге ашықлық дәстанларда сүйискен жаслардың, жүрек сезимлери, айралық, сағыныш зардабынан пайда болған руўхый халатлар кеўил дәртлери терең пиризм менен бериледи. Демек, ашықлық дәстанларда ўақыялар эпикалық жол менен баянланады ҳәм қарақалпақлардың жүрек сезимлери, руўхый ҳалатлары терең призим менен бериледи екен, усы берилгенине қарай әдебияттаныў ҳәм фольклор илиминде ашықлық (романтикалық) дәстанларды лиро – эпикалық дәстанлар ямаса лиро – эпикалық поэмалар деп атайды. Ашықлық дәстанларды бақсылар атқаратуғын болған ямаса жеңил намаларға салып қыссаханлар оқыйтуғын болған. Қарақалпақ халқы арасында кең тарқалған ашықлық дәстанларынан «Ғәрип ашық», «Саятхан – Ҳәмра», «Ашық Нәжеп» ти атап өтиўге болады. «Ғәрип ашық» дәстаны қарақалпақ халқының сүйип тыңлайтуғын дәстаны болған. Қарақалпақ бақсыларының нама билиў дәрежеси, ашықлық дәстанларын атқарыў шеберлиги усы «Ғәрип ашық» дәстаны менен өлшенген. Шынында да, «Ғәрип ашық» дәстаны өзиниң идеялық мазмуны, сюжетлик ҳәм композициялық писиклиги, көркемлик дәрежеси

қосықларының лирикалық тереңлиги ҳәм нәзиклиги бойынша әдеўир өзгешеленип турады. Дәстанның ишиндеги лирикалық қосықлардың халық кеўилине жақҳаны соншелли, олардың көпшилиги дәстаннан ажыралып, өз алдына халық қосықларына айналып кеткен. Мысалы, «Бес жыл болды айра түстим ярымнан», «Дәртиңнен», «Ярдың гүли келди өзи келмеди», «Келер саллана – саллана», «Ғәрибим», «Сәнемжан», «Нигарим», «Сен яр кеткели» ҳәм т.б. қосықлар ашықтың жүрек сезимлерин, кеўил дәртлерин береди. Усы дәўирлерде халық арасындағы көп санлы ертеклер тийкарында «Юсуп - Зулейҳа», «Ләйли Мәжнүн», «Фархад - Шийрин» кейинирек «Тайыр - Зухра», дәстанлары пайда болды. Мине, усы ашық – машықлардың қәсийетли қыссасын сүўретлейтуғын дәстанлардың кең ен жайыўы «Ҳурлиха – Ҳәмра», «Ғәрип ашық», «Ашық Нәжеп» ҳәм т.б. дәстанлардың дәслепки формаларының пайда болыўына жағдай таярлаған болыўы тәжип емес. [2.8] Усы дәстанлардың пайда болыўына байланыслы бундай сюжетке қурылған қаҳарманлардың атлары, географиялық атамаларын өзгертиў жолы менен туўысқан қазақ, татар, ноғай халықларының «Қыз Жибек», «Қазы Көркем - Баян», «Сулыў» қусаған дәстанлары ипайда болды. Бирақ бул жерде оларды бир – бириниң көширмеси деген ой болыўы мүмкин емес. Тек те олардың узақ жыллар даўамында өз-ара қарым – қатнасықлардан кейин бир – бирине сюжетликтәсирленгенлиги, байып атырғанлығы ғана нәзерде тутылады. Соның менен бир қатар гейпара илимпаз әдебиятшылар бул дәстанларды шайырлар тәрепинен дөрелген деп те жазады. Мәселен, «Зәўре - Тайыр» дәстанының авторы XVII әсирде жасаған. Балықлы шайыр Саид Мухаммед Сайедий ҳәм XVIII әсирде жасаған түркмен шайыры Молланапес «Лейли Мәжнүн», «Юсип - Зилийҳа», «Зейнеп - Эреп» дәстанларын Андалибтиң (Нурмуҳаммед Ғәриптиң) (XVIII әсир) «Саятхан-Ҳәмра» ҳәм «Нәжеп ўәлен» дәстанларын түркмен шайыры Шабендиниң «Ғәрип ашық» дәстанын Г.Араслының пикиринше табризли исенимли шайырдың жазғанларын хабарлайды. Бирақта бул дәстанлардың дәслепки халықлық вариантының ертеде дөрелгенлигин оларда бийкарлайды. Бул шайырлардың индивидуаль шығармалары, сол ертеде дөреген халықлық варианты тийкарында дөрелгенлигин хабарлайды. Оның қайсы ўақытта индивидуаль вариантларының дөрелиўине қарай ўақыяның болған дәўирин белгилемей, дәслепки халықлық вариантларының пайда болыў заманларын еске алыў керек. Өйткени, ҳәр бир бақсы, қыссахан, қосықшылар вариантын өзгеше етип өзинше қәлиплестиргендей, шайырларда оннан өзинше илҳамланып келди. Атақлы қарақалпақ бақсылары Ғәрипнияз, Есибай, Аташ, Нуржан ҳәм Ақымбет, Муса, Сүйеў, Арзы, Жуман, Шернияз, Әмет, Жапақ, Есжан, Қаражан, Тилеўмурат ҳ.т.басқалардың қосқан үлеси өз алдына бир төбе.

Өйткени белгили дәстан халық дөретпеси яки индивидуаль дөретпе болып атқарыўшының мүлкине айланады, яғный дәстанның аворларын-драматург десек, атқарыўшы режиссиёрлық ўазыйпасын да атқарып, өзиниң атқарыў монерасына, талант дәрежесине қарай өзгерислер киргизип отырады. Әсиресе, бул тыңлаўшы аудиториясының характерине де байланыслы. Жоқарыда келтирилген бир қыйлы мацмундағы дәстанлар ҳәр қыйлы халықта айтылса да, сол елдиң миллий өзгешелигине қарай олардың турмыс шараятына байланыслы өзинше көркем – қураллар менен сүўретлеп бериледи.

Ол шығармалардан сол халықтың үрп - әдетин, турмыс тиришилигин, дүньяға көз – қарасын көриҳге болады. Тап усы мәселеден дәстан менен усы халықтың тарийхының арасындағы жақынлық анықланады. Булардың барлығы илимге, изертлеўге обьект болып, илимий материал болады. Ал, келешекте буның илимий ашылыўлар болатуғынлығына даў жоқ. Сөз етилип отырған дәстанлардың шығысы қандайда бир тарийхый дәўирге барып тирелген ўақытта да ол сол дәўирдиң жемиси болып қалмастан усындай еле оннан кейинги дәўирдиң де

жемиси болып есапланады. Өйткени, тарийхый көринистиң өзгериўи менен адамлардың да сана – сезими де өсип, өзгерип отырады. Турмысқа, дүньяға болған көзқараста өзгериске дуўшар болады. Сонлықтан атқарыўшылар қандайда жәмийетлик дүзимди сүўретлесе де, өзлериниң халықтың турмысын, сезимин идеялық көркемлиги жағынан белгили дәрежеде өзгериске дуўшар болып турады. Бундай өзгерислер жоқарыда айтылғандай тек те бақсылардың суўғырып солымай шайырлық талантына, турмысқа болған көзқарасына байланыслы болып қалмастан, жалпы халыққа жәмийетлик турмыстың өзгириўине тарийхый шараятқа байланыслы да болады. Ҳәр бир адам тәбият инам еткениндей өзиниң ишки психологиялық кеширмесине байланыслы ҳәр қыйлы толғамда болғанындай бақсылардың бири дәстан қаҳарманларының образын күшейтип жырлаўға қызықса, екиншиси олардың арасындағы ашық муҳаббатты ардақлаўға көбирек орын береди. Деген менен буннан атқарыўшылар халықлық дәстанларды қәлегенинше өзгерте береди деген жуўмақ шықпаўы керек. Өйткени, әдебий дөретиўшилик қурамалы бир процесс болып, бул майданға жүрегиниң оты бар, ишинде дәрти қыйнаған,поэзия ышқына гирипдар болған адамлар ғана өз жолы, өзине тән стили, усылы ҳәм индивидуаль қәсийетлери менен кирип келеди. Ол өз талантының қәлеўи ҳәм уқыбының күдиретине қарап дәўир талабында заманласлары арасында белгили орынды ийелейди. Бирақта, дөретиўшилик процесстеги барлық ўақыяларды текте ески дәстүрлик яки өз ара тәсир факторлары менен бақлаў сол тәсир нәтийжелерин белгили дөретпелердиң халыққа сиңисип қәлиплесип, камалға келиўинде шешиўши роль атқарады деп инкар киритиў, тарийхый шынлыққа қайшы келер еди.

Халықтың миллий психологиялық өзгешеликлери менен үрп-әдет дәстүрлик белгилерине келсек, олардың ҳәр қайсысы өз алдына бир дәстан. Сонлықтан да ҳәр бир халықтың атқарыўшысы дәстанда тарийхый ўақыт талап еткен қатар қағыйдаларға байланыслы. Сол халықтың жүрегиниң қәлеўи бойынша өзгертип, қосып-алып, дидни жақынластырып отырады. Туўысқан халықлардың аўыз әдебиятындағы жақсы тәжирийбелерден пайдаланыўдың өзи де дәўир әдебияты яки конкрет бир дәстанлардың кең таралыў дәўирлериндеги белгили қатнас ҳәм реал тарийхый иқтыяжларға байланыслы болған ҳәдийсе болып, бул усыл тарийхый орталықтың ишки раўажланыў қуўаты менен салыстырылады.

Тарийхый жағдайдың талап етилиўине байланыслы лиро – эпикалық дәстанларда «гейпара илимпазлар дәстан ўақыяларында гезлесетуғын географиялық атамалар менен тарийхта әзелден киятырған белгили жайлар қала ҳәм аўыл атларына байланыслы оныңшыққан жерин басқа журтларға апарып силтейди. Дурыс, бул дәстанлардағы қаҳарманлар ҳәрекетлери, қатнасықлары, өмири ҳәм тәғдири усы жер атамалары менен бастан – аяқ тығыз байланыста алып барылады». [2.11]

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Жәримбетов Қ., Оразымбетов Қ. Қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Билим», 2006. 52-бет.
2. Алимов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары, Нөкис, “Қарақалпақстан” 1983.
3. Агоджонов Ө. Очерки истории огузов и туркмен средней Азии IX-XIII вв. Ашгабад, 1969.
4. Айымбетоа Қ. Қарақалпақ фольклоры, Нөкис, “Қарақалпақстан” 1977.
5. Айымбетов Қ. Халық даналығы, Нөкис, “Қарақалпақстан” 1988.

**РЕЗЮМЕ.** Қорақалпоқ халқ достонининг «Ошиқ Гариб» асарининг келиб чиқиши ва тарихий манбалари ўрганилади. «Ошиқ Гариб» достонининг эволюцияси Ўрта Осиё ва Балқан халқ вариантларини қиёслаш йўли билан ўрганилади.

**РЕЗЮМЕ.** Изучается происхождение и исторические источники произведения "Ошик Гариб" каракалпакского народного эпоса. Эволюция дастана "Ошик Гариб" изучается путем сопоставления среднеазиатских и балканских народных вариантов.

**SUMMARY.** The origin and historical sources of the work "Oshiq Garib" of the Karakalpak folk epic are studied. The evolution of the dastan "Oshiq Garib" is studied by comparing the folk variants of Central Asia and the Balkans.

***JURNALISTIKA***

# ОНЛАЙН МЕДИАЛАРДА БИЛИМЛЕНДИРИЎГЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ЖӘРИЯЛАНҒАН МАТЕРИАЛЛАРДЫҢ ПРОБЛЕМАТИКАСЫ

**Даулетмуратов Тахир Пиратдинович –** *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** журналистика, проблематика, машқала, мәлимлеме, веб-сайтлар, социаллық тармақлар, ғалаба коммуникация қураллары, интернет, видео көринис, аудио жазыў, фото көринис, байланыс қуралы.

**Ключевые слова:** журналистика, проблематика, проблема, информация, веб-сайты, социальные сети, средства массовой информации, интернет, видео, аудиозапись, фото, средство коммуникации.

**Key words:** journalism, problematics, problem, information, websites, social networks, mass media, internet, video, audio recording, photo, means of communication.

Бүгинги глобалласыў ҳәм санластырыў дәўиринде билимлендириў тараўы жәмийеттиң раўажланыўын белгилеп бериўши ең әҳмийетли факторлардан бирине айланбақта.

Билимлендириў системасында жүз берип атырған реформалар, жаңа педагогикалық қатнаслар, инновациялық технологиялардың енгизилиўи ҳәм кадрлардың сапасын арттырыў мәселелери ғалаба хабар қуралларында кеңнен сәўлелендирилмекте. Сол себепли билимлендириў темасында жәрияланып атырған журналистлик материаллар тек ғана мәлимлеме жеткериў емес, жәмийетлик пикирди қәлиплестириўде де үлкен әҳмийетке ийе болмақта. Соның менен бирге, билимлендириў темасындағы материалларда бир қатар машқалалар – яғный проблематикалық мәселелер де бар. Оларда аналитикалық жанрдың жетиспеўшилиги, машқалалардың жүзеки сәўлелендирилиўи, дереклер менен ислесиўде бир тәреплемелик, статистикалық мағлыўматлардан надурыс пайдаланыў ямаса қәниге пикирине аз мүрәжат етиў сыяқлы жағдайлар бақланады. Айырым жағдайларда болса сенсация артынан қыўыў билимлендириў тараўының мәнисин дурыс ашып бериўге тосқынлық етеди. Усы көзқарастан, билимлендириў темасындағы материаллар проблематикасын анализлеў, бар кемшиликлер менен жетискенликлерди анықлаў, сондай-ақ, журналистлик қатнасларды жетилистириў мәселеси әҳмийетли есапланады. Бул теманы үйрениў билимлендириў тараўын сәўлелендириўде қалыслық, терең анализ ҳәм жуўапкершиликти арттырыўға хызмет етеди. Бүгинги онлайн медиада, атап айтқанда, билимлендириў темасындағы материалларды таярлаў процесинде бир қатар машқалалы мәселелер ушырасады. Дәслеп, мәлимлеме тарқатыўда оперативликке артықша итибар берилиўи нәтийжесинде материаллардың тексериўсиз жәрияланыў жағдайлары бақланады. Бул болса мағлыўматлардың исенимлилигине унамсыз тәсир көрсетип, жәмийетшиликте надурыс түсиниклер қәлиплесиўине алып келеди. Сондай-ақ, онлайн медиаларда аналитикалық қатнастың жетиспеўшилиги әҳмийетли машқалалардан бири болып есапланады.

Айырым материаллар тек ғана хабар бериў менен шекленип, билимлендириў тараўындағы машқалалардың себеп ҳәм